# QÁLEMI ÓTKIR KOMPOZITOR
## (D.Djańabaeva dóretiwshilik jolı)

**Kamalova G.**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Bul maqala D.Djańabaeva menen jeke sáwbeti tiykarında jazılıp, onda kompozitordıń ómiri hám dóretiwshilik jolı, onıń shıǵarmalar dizimi, dóretken qosıq hám kamer shıǵarmaları haqqında sóz etiledi. Sonday-aq, kompozitor menen birgelikte jumıs alıp barǵan shayırlar, qosıqshı hám sazendeler, kompozitorlar haqqında maǵlıwmatlar beriledi.

**Gilt sózler:** Kompozitor, ustaz, shákirt, nota, shayır, qosıq, maqalalar, fortepiano, skripka.

**Аннотация:** Это статья написано из личной беседы Д.Джанабаевой, в нём рассмотрена жизнь и музыкальная деятельность композитора, её композиторское, музыкальное и камерное творчество. Также представлена информация о певцах, дирижёрах и композиторах, работавших вместе с композитором.

**Ключевые слова:** Композитор, педагог, ученик, нота, поэт, песня, статьи, фортепиано, скрипка.

**Abstract:** This article was written from a personal conversation with D. Dzhanabaeva, it examines the life and musical activity of the composer, her composing, musical and chamber work. Information about singers, conductors and composers who worked with the composer is also provided.

**Key words:** Composer, teacher, student, sheet music, poet, song, articles, piano, violin.

Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, birinshi professional hayal kompozitor, ustaz, Djańabaeva Dariko Qosıbay qızı (“Tilew qabaq” ruwınan) 1949-jılı 21-fevral kúni Qaraqalpaqstan Respublikası, Nókis qalasında xızmetkerler shańaraǵında dúnyaǵa keledi. Ákesi Qosıbay Djańabaev (1912-jılı tuwılǵan) Nókiste sawda tarawında islep júrgen waqıtları 1941-1945 jıllar aralıǵında ullı Watandarlıq urısqa jol aladı, urıstan qaytıp 1945-1954-jılları sol tarawda basshısı bolıp miynet jolın dawam ettiredi. Al, anası Ulbosın Djańabaeva (1923-jılı tuwılǵan, onıń anası “Múytenniń teli” ruwınan) bolsa baspa sózde ápiwayı xızmetker bolıp isleydi. Shańaraqta – Raxman hám Dariko sıyaqlı perzentlerin tárbiyalaydı. Dáwir qıyın bolsa da, ata-anası óz perzentlerine durıs tálim-tárbiya bergen.

Darikonıń jigit aǵası Raxman Djańabaev Moskvada Lomonosov atındaǵı mámleketlik universitetinde tariyx pánleri boyınsha dissertaciyasın jaqlap, Nókiske kelip, 1988-jıldan baslap birneshe jıllar Ózbekstan akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialında ilimiy xızmetker, soń 1993-jılı ol shańaraǵı menen Qazaqstan

Respublikasınıń Esik qalasına kóship ketedi hám bul jerde Sulayman Demirel atındaǵı Qazaq-Turk aviaciya institutında docent bolıp isleydi.

Kishkene Dariko jaslayınan muzıkaǵa qızıqqan, ol óz betinshe qosıq aytıp, saz shertken, sol sebepli onı anası 1955-jılı 6 jasında R.Glier atındaǵı balalar muzıka hám kórkem óner mektebine, al 1956-jılı ulıwma bilim beretuǵın orta mektepke oqıwǵa beredi. 1955-1962-jılları fortepiano bóliminde Azerbayjannan kelip jumıs islep atırǵan Kazimbekova Kamilla Asafevnada bilim aladı. Ol fortepiano ásbabın júdá jaqsı kórgen, qolı bosasa ásbap aldında sabaq tayarlaw menen waqtın ótkergen, hár túrli namalardı óz betinshe atqarıp júrgende nama jazıw qızıǵıwshılıǵı oyanadı. 1966-jılı 10-klastı tamamlaǵan D.Djańabaeva Alma-Ata qalasındaǵı Qurmanǵazı atındaǵı konservatoriyaǵa "kompoziciya" fakultetine oqıwǵa tapsırıwdı árman etedi. Biraq ol bul jılı qazaq kompozitorlıq mektebiniń tiykarshısı, Qazaqstan xalıq artisti, professional kompozitor, professor Evgeniy Grigorevich Brusilovskiy klasına tayarlaw kursına qabıl etilip, teoriyalıq hám ámeliy pánlerdi eki jıl dawamında ózlestiredi. Ustazı túrli tapsırmalar berip onı baqlaydı hám shákirtinen kewli toladı. Sebebi berilgen tapsırmalardı joqarı dárejede orınlaydı.

D.Djańabaeva 1968-jılı R.Gamzatov sózine "Gúz" atlı romansın jazıp konservatoriyanıń tiykarǵı bólimine birinshi kursqa qabıl etiledi hám studentler qatarınan orın iyeleydi. Qızıǵıwshań, talapshań Dariko ustazınan kompoziciya, garmoniya, polifoniya pánleriniń barlıq qaǵıydaların jalıqpay ele de tereń úyrenedi.

1969-jılı professor E.G.Brusilovskiy Moskvaǵa ketiwi sebepli jas kompozitor 1970-jılı onıń shákirtleri, burınǵı awqam xalıq artisti, kompozitor, ustaz E.R.Raxmadievta, soń 1971-1973 jılları uyǵur professional muzıkasınıń tiykarın salıwshı, qazaq, uyǵur kompozitorı, ustaz Q.X.Kujamyarovta bilim aladı. Sonıń menen birge ol Ǵ.Jubanova, E.Raxmadiev, I.Dubovskiy, E.Erzakovich, L.Xamidiy sıyaqlı ustazlardan birqansha bilim hám tájiriybelerin alıwǵa erisedi. Konservatoriyada oqıp júrgen waqıtları fortepiano ushın tokkata, variaciya, fantaziya, violonchel ushın sonata, kamer orkestr ushın pyesa, vokal hám simfoniyalıq poema janrlarındaǵı shıǵarmaların dóretedi. Oqıwın tabıslı tamamlap 1973-jılı Nókiske kelip J.Shamuratov atındaǵı bilim jurtına jumısqa ornalasadı.

1974-1977-jılllar aralıǵında "Muzıka teoriya"sı bólim basshısı bolıp isleydi hám köplegen shákirtler tárbiyalaydı.

D.Djańabaeva tek ǵana ustazlıq etip qoymastan, publicist sıpatında da maqalaları menen, sonday-aq, Respublikamızda ótkerilgen barlıq mádeniy ilajlarǵa, koncertlerge, mádeniyat kúnlerine óz shıǵarmaları menen qatnasıp, islegen tınımsız miynetleri arqalı xalıq názerine túsip keńnen tanıla baslaydı.

1977-1978-jılları Qaraqalpaqstan radiosında muzıkalıq redaktor, 1978-1981-jılları Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik filarmoniyası janındaǵı "Qırq qız" estrada vokal-xoreografiyalıq ansambliniń kórkemlik jaqtan basshısı bolıp isleydi. 1981-1990-jılları jáne de J.Shamuratov atındaǵı bilim jurtında ustazlıq kásibin dawam ettiredi.

Kompozitor túrli janrdaǵı shıǵarmalar avtorına aylanadı. Ásirese, Qaraqalpaqstan Respublikasında estrada jónelisiniń rawajlanıwında tiykar salıwshılardıń biri bolıp, ustazları E.G.Brusilovskiy, Q.X.Kujamyarovlar sıyaqlı

xalqınıń mádeniyatın rawajlandırıwǵa úlken úlesin qosadı. Ol Kúnxojanıń sózine "Qaytıp kel" (1973) qosıǵın, estrada jónelisinde 1976-jılı J.Izbasqanov sózine eń birinshi "Árman" atlı qosıǵın jazadı. Soń S.Abbazovtiń "Elkajan" (1978), S.Sadıqovtıń "Muhabbatıńnan" (1978), "Qara tallarım", J.Xojaniyazovtiń "Men árman etip edim" (1981), "Juldızıma" (1981), "Meni umıt deyseń" (1981), K.Xalmuratovtıń "Aralım" (1983), J.Izbasqanovtıń "Shaǵalalar, appaq shaǵalalar" (1983), "Tuwılǵan topıraq" (1984), U.Pirjanoviń "Seni izledim" (1985), G.Shamuratovanıń "Janım kimdi jaqsı kóreseń" (1986), "Sen bar jerde" (1989), H.Ayımbetovtıń "Kúlimlep kelgil" (1988) sıyaqlı shayırlardıń sózlerine D.Atajanov, Ó.Temirxanov, D.Mámbetmuratov, ásirese xosh hawaz qosıqshı Z.Xojanazarova ushın arnap taǵı basqa kóplegen estrada atqarıwshılarına lirikalıq qosıqlar dóretken. Sonday-aq, fortepiano ushın "Ekspromt-fantaziya" (1975), "Elegiya" (1983), "Dembermes", "Bozataw" qaraqalpaq xalıq namaların qayta islegen, skripkashılar ansambli ushın "Fantaziya" (1987), violonchel ushın "Adajio" basqa da saz ásbapları ushın kamer shıǵarmalar dóretip keń kólemli repertuarı menen qaraqalpaq kompozitorlarınan óziniń ózgeshe stili, ráńbáreń ritmikalıq usılları menen ajıralıp turadı.

D.Djańabaeva 1975-jılı Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan, 1984-jılı burınǵı kompozitorlar awqamı aǵzası boladı. Bul awqamǵa aǵza bolıwda oǵan ustazı, kompozitor Ǵ.Jubanova óz tásirin kórsetedi. Ol D.Djańabaevanıń kóplegen shıǵarmaların tıńlap, talıqlap, izertlep, olar haqqında ilimiy maqalalar jazıp M.O.Shteynbergtiń shákirti, K.Karaev, U.Gadjibekov sıyaqlı kompozitorlardıń ustazı, Azerbayjan, Ózbekstan kórkem óner ǵayratkeri, Ózbekstan xalıq artisti, burınǵı awqam kompozitorlar awqamı basshısı B.I.Zeydmanǵa awqamǵa qabıl etiw ushın usınıs jasaydı hám sol jılı awqam aǵzası boladı. Islegen miynetleri ushın 1986-jılı "Miynet veteranı" medalı menen, 1988-jılı Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri ataǵı menen sıylıqlanadı.

1990-jılı D.Djańabaeva shańaraǵı menen Alma-Ata qalasına kóship ketedi hám dóretiwshilik jolın sol jaqta dawam etedi. Ol Qazaqstan Respublikasınıń xalıq bilimlendiriw ministrliginde bas qánige, respublikalıq ilimiy-metodikalıq orayınıń direktorı bolıp isleydi. 1995-jıldan baslap húrmetli miynet dem alısında.

Kompozitor pútkil dóretiwshilik jolında Qaraqalpaqstan xalıq artisti Dawlet Atajanov, Ótebay Temirxanov, Zamira Xojanazarova, Gulnara Munteeva, Roza Qutekeeva sıyaqlı qosıqshılarǵa, keleshek áwladqa túrli janrlarda 70 ten aslam ólmes shıǵarmalar dóretip, respublikamızdıń gazeta hám jurnallarında birqansha maqalaların jáiyalap, teleradio arqalı qunlı muzıkalı kórsetiwler tayarlap, qaraqalpaq mádeniyatınıń rawajlanıwına biybaha úles qosadı. D.Djańabaeva menen pikirlesken waqtımızda ol, "Biz kompozitorlar ushın sulıw, jaǵımlı, insan qálbine tez jetip barıwshı jaqsı temalar kerek, sonda biz izleniwden, nama dóretiwden sharshamaymız hám waqıt penen sanaspaymız. Jaqsı tema dóretiwshige tiykarǵı túrtki hám azıq" - deydi avtor[1].

[1] *G.M.Kamalova Ózbekstan kompozitorları hám bastakorları awqamı aǵzası, muzıka tanıwshı. (D.Djanabaevanıń jeke sáwbetinen jazıp alınǵan. 08.08.2023)*